**दिन–रवि** **दिनांक–01.10.2023**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ देशभरि मे चलाओल गेल स्वच्छता ही सेवा महा अभियानक नेतृत्व कयलनि। ओ फिटनेस प्रशिक्षक अंकित बैयानपुरिया के संग सफाई अभियान मे सम्मिलित भेलाह। श्री मोदी अंकित बैयानपुरिया सँ गपशप कयलनि आ शरीर के स्वस्थ बनाओल रखबाक आवश्यकता पर बल देलनि। प्रधानमंत्री सफाई अभियानक दरमियान श्री बैयानपुरियाक संग भेल गपशपक वीडियो सेहो सोशल मीडिया पर साझा कयलनि अछि। एम्हर, स्वच्छताक लेल एक तारीख एक घंटा एक साथ के प्रधानमंत्री मोदी के आह्वान पर आइ देशभरि मे लोक सभ भागीदारी कयलनि। श्री मोदी महात्मा गांधीक जयंतीक पूर्व संध्या पर हुनका श्रद्धांजलि देबाक लेल आइ भोर दस बजे स्वच्छता अभियानक लेल नागरिक सभ सँ एक घंटाक श्रमदानक अपील कयने छलाह। पछिला मन की बात कार्यक्रम मे सेहो प्रधानमंत्री आजुक स्वच्छता अभियान मे भाग लेबाक लेल लोक सभ सँ समय निकलबाक अपील कयने छलाह। एहि अवसर पर सभ वर्गक लोक सभ बाजार परिसर, रेल–पटरी, जलाशय, पर्यटन आ पूजा स्थल सहित सार्वजनिक स्थल सभ पर सफाई कार्य मे भाग लेलनि। भारतीय जनता पार्टीक अध्यक्ष जे.पी. नड्डा, केन्द्रीय मंत्री भूपेन्द्र यादव, धर्मेन्द्र प्रधान, डॉक्टर जितेन्द्र सिंह, हरदीप सिंह पुरी, मीनाक्षी लेखी आ राजीव चन्द्रशेखर आ आन नेता लोकनि सेहो एहि मे अपन भागीदारी देलनि। एहि अभियान मे देशक शहरी आ ग्रामीण क्षेत्रक छओ लाख चालीस हजार सँ बेसी स्थल पर श्रमदान भेल। लगभग एक लाख आवासीय क्षेत्र मे आवासीय कल्याण समिति सभ श्रमदान मे भागीदारी देलनि। लगभग एक लाख आवासीय क्षेत्र मे श्रमदानक लेल संघ सभ सेहो आगां आएलाह। एहि मे थल सेना, नौसेना आ वायुसेना राष्ट्रीय आपदा मोचन बल, केन्द्रीय जांच ब्यूरो आ आन विभागक कर्मी लोकनि सेहो आन लोक सभक संग स्वच्छता अभियान मे भाग लेलनि।

---

एम्हर, प्रदेश मे स्वच्छता ही सेवा अभियानक अंतर्गत कतेको ठाम श्रमदानक आयोजन कयल गेल। केन्द्रीय ग्रामीण विकास मंत्री गिरिराज सिंह पटनाक राजेन्द्र स्मारक परिसर मे स्वच्छता अभियान चलौलनि। एहि अवसर पर भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष सम्राट चौधरी सेहो उपस्थित छलाह। एम्हर, केन्द्रीय खाद्य प्रसंस्करण उद्योग मंत्री पशुपति कुमार पारस, राष्ट्रीय लोक जनशक्ति पार्टी कार्यालय आ एयरपोर्ट लऽग स्वच्छता ही सेवा अभियान मे भाग लेलनि।

केन्द्रीय मंत्री अश्विनी कुमार चौबे बक्सरक रामरेखा घाट पर सफाई कयलनि। सभ सरकारी कार्यालय मे स्वच्छता अभियान चलाओल गेल। आकाशवाणी पटना मे केन्द्राध्यक्ष वेद प्रकाशक नेतृत्व मे अधिकारी आ कर्मचारी लोकनि परिसरक साफ–सफाई कयलनि। ओतहि, केन्दीय संचार ब्यूरो पटनाक अपर महानिदेशक एस.के. मालवीय के नेतृत्व मे कर्मी सभ राजीव नगर क्षेत्र मे साफ–सफाई कयलनि।

———————————————————————

राज्य शिक्षक पात्रता परीक्षा एस.टी.ई.टी. दू हजार तैईसक परिणाम तीन अक्टूबर कऽ घोषित कयल जायत। बिहार विद्यालय परीक्षा समितिक अध्यक्ष आनन्द किशोर कहलनि जे समय पर परिणाम घोषित होयबा सँ अभ्यर्थी सभ के लाभ होयत। ई परीक्षा चारि सितम्बर सँ चौदह सितम्बर धरि आयोजित कयल गेल छल। बोर्ड एस.टी.ई.टी परीक्षा आब वर्ष मे दू बेर आयोजित कयल जयबाक सेहो घोषणा कयलक अछि।

———————————————————————

भारतीय रिजर्वं बैंक दू हजार टाकाक नोट बदलबाक समय सीमा सात बक्टूबर धरि बढा देलक अछि। रिजर्व बैंक एक बयान मे जनौलक जे नोट बदलबाक प्रक्रिया काल्हि समाप्त भऽ गेल छल आ एक समीक्षाक आधार पर दू हजार टाकाक नोट जमा करबा या बदलबाक वर्तमान व्यवस्था के सात अब्टूबर धरि जारी रखबाक निर्णय लेल गेल अछि।

———————————————————————

देशक पुरान विश्वविद्यालय मे सम्मिलित आ प्रतिष्ठित पटना विश्वविद्यालयक एक सय सातम स्थापना दिवस आइ समारोह पूर्वक मनाओल गेल। एहि अवसर पर विश्वविद्यालयक मेधावी छात्र सभ के स्वर्ण पदक प्रदान कयल गेल। कुलपति प्रोफेसर गिरीश कुमार चौधरी कहलनि जे अगिला दू वर्ष मे विश्वविद्यालय अपन गौरव पहिने जकां प्राप्त कऽ लेत।

———————————————————————

बुजुर्ग सभ के आदर आ सम्मान देबाक संकल्पक संग आइ अंतर्राष्ट्रीय वृद्धजन दिवस मनाओल जा रहल अछि। राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर अपन संदेश मे कहलनि जे हमर सभक कर्तव्य अछि जे बुजुर्ग लोकनि के समुचित देखभाल कयल जाए। ओतहि, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार अपन संदेश मे कहलनि जे वर्तमान सामाजिक आ आर्थिक परिवेश मे वृद्धजन के असगर छोड़ल जाएब आ हुनक उपेक्षा गंभीर चिंताक विषय अछि।

———————————————————————

चक्रवातीय प्रभावक कारणे प्रदेशक अधिकतर भाग मे वर्षाक परिस्थिति बनल अछि। मौसम विभाग जनौलक जे अगिला चारि दिन धरि राज्यक अधिकांश भाग मे तेज वर्षा आ वज्रपातक संभावना अछि।